

**2016-2019**

**Plan Distrik Pou  
Apranti Lang Angle (ELL)**

**Moun pou Kontakte: Rose M. Santiago**  
**LEA: Orange County Public Schools**  
**Imèl: rose.santiago@ocps.net**  
**Telefòn: 407-317-3200 ext. 2004083**

**Règleman 6A-6.0905**  
**Fòm ESOL 100**  
**(Fevriye 2016)**

Siyati orijinal sou paj siyati dwe prezante nan:

Bureau of Student Achievement through Language Acquisition  
 Florida Department of Education  
 325 West Gaines Street  
 444 Turlington Building  
 Tallahassee, Florida 32399-0400

FDOE INTERNAL USE ONLY

**(1) NON DISTRIK:**

Orange County

**(2) NON/TIT KONTAK:**

Rose M. Santiago

**(3) N° TELEFON KONTAK (EXT.):  
ADRES IMEL:**

407-317-4200 ext.2004082

**(4) ADRES LAPOS:  
435 West Amelia Street  
Orlando, FL 32801****(5) MOUN KI PREPARE: (si sa-a pa menm ak moun kontak)  
Prenye non: Valerie and Arlene  
Siyati: Martinez and Peters  
Adrès Lapòs: 435 West Amelia Street, Orlando, FL 32801  
Telefòn: 407-317-3200****(6) SETIFIKASYON DISTRIK SKOLE**

Konsej Direksyon Skolè te otorize klasman aplikasyon sa-a e reprezantan ki siye pi ba te resewa bon jan otorizasyon pou li prezante plan sa-a e pou li aji tankou reprezantan otorize pou distrik-la an koneksyon ak plan sa-a.

Mwen ki se Barbara Jenkins, ap sètifye ak dokiman sa-a ke tout fè, figi, ak reprezantasyon ki fèt nan plan sa-a vre ak korek. Pi plis, tout stati, règleman, regilasyon ak pwosedi aplikab pou Kontwòl pwogram ak fiscal e pou jerans dosye pral mete an mach pou asire bon jan responsabilite.

Siyati Direktè Jeneral oubyen Chef Ajans ki Otorize

Dat Siyati

Dat Konsej Administrasyon te Apwouve

**(7) Prezidan kap reprezante Konsej Paran Dirijan (PLC) ELL Distrik-la****Non Prezidan kap reprezante PLC ELL distrik-la: Monica Yu**

Enfomasyon kontak pou Prezidan PLC Distrik-la:  
 Adrès lapòs: 3837 Ocita Drive, Orlando, FL 32827

Adrès Imèl: familyu05@yahoo.com Nimero telefòn: 407-624-9450

Dat plan final te diskite anvan ak PLC:

Siyati Prezidan PLC Distrik-la

Dat Prezidan PLC-a te siye

## PLAN DISTRIK POU APRANTI LANG ANGLE

### ASIRANS AK SETIFIKASYON

Distrik skolè oblije pou yo obeyi yon seri asirans lè yap devlope e mete an mach kèk pwogram ak sèvis pou etidjan ki klase tankou Apranti Lang Angle (ELL-yo), e yo oblije asire ke pèsonel nan nivo lekòl e nan nivo distrik obeyi nan tout egzijans ak tout pwovizyon ki prezante nan lwa, règleman, regilasyon ak lod tribinal federal ki liste pi ba:

- Obligasyon ki prezante nan Seksyon 1003.56, Stati Laflorid;
- Obligasyon ki prezante nan Règleman 6A-6.0902;6A-6.09022; 6A-6.09091; 6A-6.0903; 6A-6.0907; 6A-1.0503, Kod Administratif Laflorid (F.A.C.), ak lot Règleman Konsey Direksyon Edikasyon Leta ki aplikab;
- Obligasyon Akt 1965 pou Edikasyon Primè e Segondè;
- Obligasyon Dekrè Konsantman nan ka 'League of United Latin American Citizens et al. v. the State Board of Education', 1990;
- Obligasyon Akt ki rele 'Florida Educational Equity Act', 1984;
- Obligasyon dapre desizyon Senkyèm Tribinal Itineran nan ka 'Castañeda v. Pickard', 1981;
- Obligasyon dapre desizyon Tribinal Premye Enstans nan ka 'Plyler v. DOE', 1982;
- Obligasyon dapre desizyon Tribinal Premye Enstans nan ka 'Lau v. Nichols', 1974;
- Obligasyon Akt Chans Edikasyonel Egal 1974;
- Obligasyon Seksyon 504 Akt Reabilitasyon 1973;
- Obligasyon Memorandom Biro Dwa Sivil 25 mai 1970;
- Obligasyon Akt Dwa Sivil pou Title VI ak VII 1964; e
- Obligasyon Biro pou Standa Dwa Sivil pou obeyisans nan Title VI.

Avèk siyati mwen pi ba, mwen menm, Barbara Jenkins, ap sètifye ke pwosedi, pwosede ak sèvis ki dekri isit-la pral mete an mach nan yon fason ki ale ak obligasyon e ak pwovizyon obligasyon ki dekri pi wo.

---

**Siyati Direktris Jeneral**

---

**Dat Siyati**

## **Seksyon 1: Idantifikasyon (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)**

### **Pwosedi Enskripsyon e Administrasyon Kesyonè Langaj Lakay (HLS).**

**Dekri pwosedi enskripsyon Ajans Edikasyon Lokal (LEA) pou enskri Apranti Lang Angle (ELL-yo). Repons-yo ta dwe genyen sa kap swiv:**

#### **Ki jan ouap idantifye etidjan imigran?**

Mo ti moun ak jenn jan imigran vle di moun ki:

- (A) genyen ant 3 a 21 an; e
- (B) pat te fèt nan okenn eta peyi Etazini, distrik Kolonbya oubyen Poto Riko; e
- (C) pa ale nan youn oubyen plizyè lekòl nan youn oubyen plizyè eta pou plis ke 3 ane skolè antyè.

Enfomasyon sa-a pran pandan pwosede enskripsyon. Dat Moun Antre nan yon Lekòl Peyi Etazini (DEUSS) pran tou nan menm lè e kod imigran etidjan-a se Y, dapre eleman ranseyman Etidjan Imigran (131785) ak Dat Moun Antre nan yon Lekòl Peyi Etazini (197237).

#### **Ki Jan Nou Jwenn Dat Antre Lekòl Peyi Etazini (DEUSS) pandan pwosede enskripsyon?**

Paran ap resevwa Kesyonè Lang Lakay (HLS) tankou yon moso pwosede enskripsyon pou tout etidjan. Antanke moso enskripsyon, distrik-la ap ramase Dat Moun Antre nan yon Lekòl Peyi Etazini (DEUSS) pou tout etidjan. Si paran repòn “wi” nan nenpòt kilès nan kesyon HLS, paran ap resevwa yon Lèt Dwa Paran pou fè paran-a konnen ke pitit-yo pral teste pou Konpetans Nan Lang Angle. DEUSS-la ap sèvi tou pou detèminen si yon etidjan kalifye tankou yon etidjan imigran. Antanke moso enskripsyon, paran-yo ap repòn tou si etidjan te fèt andeyò peyi Etazini.

#### **Ki jan pwosedi LEA konpare ak sa kap swiv pou etidjan ki pa ELL?**

Lekòl-la ap itilize menm pwosedi pou etidjan ki pa ELL, me an plis, paran enfomen touswit ke test ap fèt e ke ap genyen pwosedi plasman pou etidjan ki posiblerman ELL. List Kontwòl Evalyasyon Pwogramatik konplete tou ak asistans paran pou finn si ke plasman pwogramatik apwopri. Dokiman enskripsyon bay tou nan lang natif natal paran-a depi sa-a disponib.

#### **Nan ki lang HLS-la tradwi?**

Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen, Chinwa, Arab, ak Riss.

#### **Ki jan LEA ap assiste paran ak etidjan ki pa pale angle pandan pwosede enskripsyon?**

An plis de zafè bay dokiman enskripsyon-yo ak lot fòm/dokiman distrik-yo ki enpotan nan lang natif natal paran-a, lekòl-la ap bay asistans yon manm pèsone ki pale menm lang ak paran (si posib).

#### **Tanpri bay yon lyen pou HLS-ou.**

<https://www.ocps.net/es/legislative/pupil/Pages/Register%20for%20School.aspx>

## Seksyon 2: Evalyasyon Konpetans nan Lang Angle (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

### 1. Evalyasyon Konpetans nan Lang Angle (ELP)

Ki sa ki tit moun ki responsab pou bay evalyasyon ELP pou ELL potansyel nan LEA? (Tchèke tout sa kap aplike.)

- Moun nan biro enskripsyon  
 Koodinatè/Administratè ESOL  
 Lot (Spesifye): Asistan Pwogram Distrik-la, Pwofèsè pou kirikilom ak obeyisans ESOL (CCT) oubyen asistan prensipal, parapwofèsyonel ESOL (EP)

### 2. Evalyasyon Konpetans pou Tande e Pale

Liste evalyasyon pou Tande e Pale (Aural/Oral) ki itilize nan LEA pou detèminen si yon etidjan K-12 klasifye tankou yon ELL.

Non Evalyasyon pou Tande e Pale	REZILTA KI UTILIZE POU PLASMAN (ANTRE) DETEMINASYON DAPRE TIP REZILTA			
	NIVO	REZILTA BRIT <sup>(1)</sup>	REZILTA A LEHEL <sup>(2)</sup>	POUSANTAJ NASYONAL <sup>(3)</sup>
IDEA Konpetans I	K-5		A-F	
IDEA Konpetans II	6-12		A-F	

**Dekri pwosedi pou asire ke evalyasyon Tande Pale administre nan yon limit tan 20 jou lekòl apre dat premye enskripsyon etidjan-a.**

Non etidjan antre nan Journal Pou Egzamen lekòl-la depi yon paran tchèke “Wi” nan youn oubyen plizyè kesyon nan HLS-la ki nan pakèt enskripsyon. Yon repons Wi nan nenpòt kilès nan kesyon HLS-la vle di ke yon egzamen pou Konpetans nan Lang Angle (IPT) ap bay. CCT ESOL, asistan prensipal, EP lekòl-yo oubyen yon Asistan Pwogram Distrik dwe bay evalyasyon pou tand e pale ki apwopri bay etidjan sa-yo nan yon limit tan 20 jou lekòl depi jou yo antre nan lekòl. Pèsonel lekòl ki responsab pou yo bay egzamen ap kapab gade nan sistèm ranseyman nou (SMS) pou Rapò Listinn LY-a kap bay yon dat referans pou egzamen-a kapab fèt a tan. Asistan Pwogram Distrik-yo ranje pou yo fè egzamen chak 20 jou nan yon lekòl nan rotasyon-yo ak sipò pou lekòl-yo an kolaborasyon ak CCT lekòl-la oubyen asistan prensipal-la. Pèsonel lekòl ki chwazi genyen fomasyon tou pou yo bay test konpetans langaj pou asire ke tout etidjan finn teste nan yon limit tan 20 jou lekòl depi dat antre etidjan-a. Si test tande/pale pa fèt nan yon limit tan 20 jou lekòl depi dat etidjan te antre lekòl, yap fè paran-yo konnen ak yon fòm ki rele Lèt pou Reta-Test Apre 20 Jou e yon kopi fòm-la mete nan Plan ELL etidjan-a ansanm ak pòtfolyo ELL e l’ap klase antanke yon moso dosye kimilatif.

## **Pou ELL-yo ki genyen yon rezilta bon konpetans sou evalyasyon Tande Pale, ki pwosedi spesifik pou nivo kap fèt pou bon jan idantifikasyon ELL-yo nan K-2 e nan 3-12?**

Etidjan nan nivo K-2 ki resevwa yon rezilta ke li genyen ase konpetans sou evalyasyon Tande ak Pale, pa idantifye tankou yon ELL.

Etidjan ki nan nivo 3-12 ki resevwa yon rezilta ke li genyen ase konpetans sou evalyasyon Tande ak Pale ap resevwa evalyasyon pou Konpetans Lekti ak Ekriti tou. Non etidjan plase nan yon journal egzamen. CCT lekòl-la, asistan prensipal oubyen yon Asistan Pwogram distrik dwe bay evalyasyon lekti ak ekriti ki apwopriye nan yon limit tan ki pa depase 20 jou apre ke evalyasyon tande/pale finn bay.

### **Evalyasyon Konpetans Lekti ak Ekriti**

**Liste evalyasyon pou Lekti ak Ekriti ke LEA te itilize pou detèminen si yon etidjan se yon ELL nan nivo 3-12.**

<b>NON EVALYASYON LEKTI AK EKRTI-YO</b>
IDEA PROFICIENCY TEST (IPT) READING AND WRITING
ACCESS for ELLs 2.0
FSA ELA

**Not:** yon evalyasyon ak referans de nom kapab rapote rezilta etidjan tankou pousan. Yon rezilta nan oubyen pi ba ke 32 pousan sou moso lekti oubyen ekriti nan yon evalyasyon ak referans de nom tap kalifye yon etidjan pou antre nan pwogram ESOL.

### **Dekri pwosedi LEA ap swiv si evalyasyon pa bay nan yon limit tan 20 jou.**

Si evalyasyon pa fèt nan limit tan 20 jou lekòl depi jou etidjan antre nan lekòl, yap fè paran konnen sèvi ak yon fòm ki rele Lèt Reta – Test Apre 20 Jou ansanm ak rezon pou reta e yon kopi fòm-la plase nan Plan ELL etidjan andedan pòtfolyo ELL tankou yon moso dosye kimilatif.

## **3. Komite ELL**

### **Dekri pwosedi ki itilize lè Komite ELL ap pran yon desizyon pou antre (plasman). Ki kalite dokimantasyon ki itilize pou sipote desizyon sa-yo?**

Depi yon paran oubyen yon pwofèsè mande, yon etidjan ki detèminen tankou yon moun ki pa ELL, oubyen nenpòt ki etidjan ki detèminen tankou yon ELL dapre selman yon sel evalyasyon lekti oubyen ekriti, tankou IPT-a, kapab refere nan Komite ELL pou Pwogram ESOL. Komite ELL kapab fè konsiderasyon plasman lè rezilta egzamen-yo ap ale men nan la men ak sa moun te obsève konsènan konpetans etidjan nan angle. Sou yon baz diferan pou chak ka, Komite ELL kapab detèminen ke yon etidjan se yon Apranti Lang Angle oubyen ke li pa yon Apranti Lang Angle. Kidonk, yon etidjan ki pa rive nan kritè elijibilite ak evalyasyon pwogram ESOL-la kapab klasifye tankou yon Apranti Lang Angle nan Komite ELL-la. Komite pral revize dosye akademik etidjan e l'ap dokimante desizyon dapre konsiderasyon o mwens 2 nan kritè sa-yo:

- a) Etandi ak nati eksperyans edikasyonel ak sosyal presedant, e entèvyou etidjan;
- b) Rekomandasyon alekri ak obsèvasyon ke pèsonek kouran e presedant pou enstriksyon ak sèvis sipò ap fè
- c) Nivo metriz konpetans de baz oubyen talan nan angle e/oubyen lang lakay dapre standa lokal, eta ak nasyonak ki apwopri e referanse ak kritè;
- d) Nòt pou ane kourant ak presedant;
- e) Rezilta test ki lot ke sa ki idantifye pou plasman nan yon pwogram ESOL.

Nenpòt ki detèminasyon ke Komite ELL ap fè pral nan yon evalyasyon alekri nan pòtfolyo etidjan ELL-la. Evalyasyon sa-a ap prezante yon plan ki pral mete an mach pou li adrèse bezwen langaj etidjan. Baz ak nati rekomandasyon Komite ELL-yo dokimante e kenbe nan dosye etidjan. Preferans paran konsènan si yon etidjan detèminen tankou yon ELL ap pran an konsiderasyon nan desizyon final-la.

### **Seksyon 3: Evalyasyon Pwogramatik (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)**

#### **Evalyasyon Akademik/Pwogramatik**

**Dekri pwosedi ki mete an mach pou detèminen ki kalite eksperyans akademik presedant ELL-yo genyen. Pi plis, adrèse plasman ELL-yo ki genyen eksperyans lekòl ki limite ou ki pa genyen okenn eksperyans oubyen ki genyen dosye skolè presedant ki pa konplè oubyen ke moun pa kapab jwenn. Spesifye ki aksyon ki te pran pou jwenn dosye skolè presedan-yo. Mete pwosedi pou detèminen nivo plasman apwopri pou ELL-yo.**

Depi yon paran tchèke “Wi” sou Kesyonè Lang Lakay (HLS), Distrik sèvi ak yon List kontwòl Evalyasyon Pwogramatik tankou yon moso pwosede enskripsyon pou asire ke etidjan plase nan yon plasman akademik apwopri. ELL potansyel-yo kap antre nenpòt kilès nan lekòl distrik, kelkeswa konpetans nan angle yo oubyen istorik akademik-yo, dwe genyen yon evalyasyon pwogramatik ki fèt ak moun nan biro enskripsyon oubyen lot pèsonek lekòl ki an chaj enskri/fè orè etidjan-yo. Premye plasman oubyen si pa gen plasman nan ESOL detèminen ak HLS ki ansanm ak pakèt enskripsyon.

Pou asiste nan devlopman Plan ELL, pèsonek lekòl pral revize:

- Dosye skolè presedan pou nivo ki konplete
- Transkripsyon klas ki te pase/konplete
- Nenpòt ki lot kalite evidans eksperyans edikasyonel

Lekòl pral dokimante enfomasyon ak detay adisyonel-yo ki pral ede nan pwosede detèminen pi bon plasman pou etidjan i konpri si etidjan-a ap transfere soti yon lot lekòl nan OCPS, nan yon lot kanti Laflorid, yon lot eta oubyen si etidjan ap soti yon lot peyi.

Pou etidjan ki genyen yon eksperyans skolè limite ou ki pa genyen okenn eksperyans, prensipal lekòl, asistan prensipal, oubyen reprezantan, ak asistans CCT e/oubyen lot pèsonek lekòl, pral fè yon evalyasyon tout ranseyman ki gen tan egziste ki disponib oubyen liste sou evalyasyon pwogramatik. Si genyen evidans dosye skolè presedan, menm si yo limite, pèsonek kap enskri ap mande lekòl presedan-la pou li voye yon kopi dosye-yo nan lapòs, nan faks oubyen nan telefòn. Lè pa genyen okenn dosye etidjan ki disponib oubyen paran pa bay okenn eksperyans lekòl, yon Reyinyon Komite ELL pral fèt pou adrèse sousi pou etidjan. Tout etidjan ki pa genyen okenn dosye oubyen pat te ale lekòl avan pral plase dapre laj-yo, kelkeswa konpetans nan angle etidjan-a genyen.

## **Pwosedè Plasman Pou Nivo e pou Klas – Nivo 9-12**

**Dekri pwosedè ki mete an mach pou detèminen plasman apwopri pou nivo e pou klas. Deskripsyon dwe genyen ladan pwosedè itilize pou bay kredi pou ELL-yo kap antre lekòl siperyè nan nivo 9<sup>yèm</sup>-12<sup>yèm</sup> ki te konplete kredi nan peyi andeyò de Etazini, kap adrèsè spesifikman etidjan sa-yo pou kilès pa genyen okenn dokimantasyon.**

Reprezantan prensipal e/oubyen CCT ak konseye pedagogik sètifye ap ofri konseye akademik bay etidjan-yo ak paran-yo konsènan plasman ki pi apwopri. Tout konseye pedagogik-yo nan distrik skolè ap resevwa yon “Gid pou Plasman Etidjan Ki Pa Fèt Nan Peyi Etazini” pou byen plase etidjan-yo dapre klas yo te konplete e nòt yo te resevwa nan peyi pa-yo. Si pa genyen okenn dosye disponib nan lè enskripsyon, lekòl ap fè tout efò pou kontakte lekòl presedan nan telefòn oubyen alekri, kelkeswa kote li ye.

An plis de sèvi ak “Gid pou Plasman Etidjan Ki Pa Fèt Nan Peyi Etazini” pou byen plase etidjan-yo, kritè sa-yo itilize pou detèminen plasman:

- Sa ki apwopri pou laj
- Sèvis edikasyonel presedan ki dokimante
- Komite ELL
- Entèvyou paran/gadyen ak etidjan

Si etidjan soti nan yon peyi kote genyen anpil pwoblem, e dosye te detwi, lekòl pral fè tout efò posib pou travay ansanm ak paran e etidjan pou refè yon istorik kredi sèvi ak nòt ‘S’. Etidjan-a bezwen montre yon metriz nan nivo swivan apwopri pou li kapab resevwa kredi pou klas nan istorik kredi ki te refè.

**Eksplike pwosedè pou bay kredi bay etidjan kap transfere soti lot peyi pou klas ar langaj ki te pran nan lang natif natal etidjan e pou lang etranjè li te gen dwa pran (sa-a kapab genyen angle ladan).**

Lang natif natal etidjan transfere tankou yon bagay kap ranpli egzijans kredi angle nou-yo pou tèt strikti lang natif natal-la menm jan ak strikti angle ki anseye. Lang natif natal etidjan pase tankou bagay ki sifizan pou obligasyon pou lang etranjè e li liste nan istorik kredi li-yo.

Si etidjan te etidje lang natif natal li nan nivo ekivalan nan lekòl mwayenn oubyen siperyè, chak ane etid langaj sa-yo pral antre tankou M/J Ar Langaj I, II, oubyen III, e/oubyen Angle I, II, III, e/oubyen IV. Pa egzanp, si etidjan te pran 2 ane italyen nan lekòl siperyè, Angle I ak Angle II tap antre. Si transkripsyon-yo ap montre ke etidjan te konplete yon klas Angle nan peyi li ak siksè, kredi ap bay pou Lang Etranjè.

**Kisa tit moun ki responsab pou evalye transkripsyon etranjè-la ye? Ki kalite fòmasyon li resevwa? Ki jan dokimantasyon-yo kenbe?**

Konseye pedagogik sètifye responsab pou evalye transkripsyon etranjè nan sistèm pa nou e pou kreye yon istorik kredi pou etidjan nan sistèm pa nou. Yo resevwa fòmasyon-yo nan distrik-la a travè atelye, laboratwa ouvri, ak travay an kolaborasyon ak kolèg-yo nan lekòl. Transkripsyon orijinal soti peyi etranje kenbe nan dosye kimilatif etidjan-a. Jan sa-a nesèsè, chef konseye pedagogik distrik-la gen dwa rele moun nan depatman militeng pou yo tradwi oubyen pou yo kolabore nan tradiksyon yon transkripsyon etranjè nan Angle.

## **Re-evalyasyon ELL-yo ki te Gen Tan Soti Nan LEA.**

**Dekri pwosedi ki itilize pou re-evalye ELL-yo ki te soti nan LEA e kap re enskri apre ke yo te ale nan yon lot LEA, yon lot eta oubyen yon lot peyi. Spesifye valè tan ki pase depi ELL-la te kite lekòl ak tan lè yo te retounen apre kilès yon nouvo evalyasyon pou konpetans nan lang angle bezwen administre. Mete pwosedi pou ramase ranseyman.**

### **Soti nan yon LEA Laflorid ale nan yon lot: Depi enskripsyon nan yon lekòl OCPS**

ELL-yo ki LY ki soti Lekòl Piblik Oranj Kanti pou mwens ke 6 mwa, kap re enskri e ki gen rezilta-ranseyman evalyasyon ESOL, ap kontinye nan pwogram ESOL san yo pa bezwen refè okenn test. Fòm Avi Elijibilite/Plasman Anyel voye bay paran e yon kopi plase tankou yon moso Plan ELL etidjan nan pòtfolyo ELL. Tout etidjan ELL ki te nan OCPS ki soti pou plis ke 6 mwa e pou kilès pa genyen ranseyman test ESOL a jou ki disponib, pral re-evalye ak enstriman evalyasyon ESOL ki apwopri pou laj-yo. Rezilta egzamen-yo pral itilize pou mezire pwogrè sou konpetans nan lang angle e pou detèminen elijibilite nan pwogram. Etidjan-a kapab voye devan Komite ELL pou detèminen elijibilite. Malgre ke ranseyman ESOL lot eta pa itilize, li enpotan pou resevwa le plis ranseyman akademik ki pral ede OCPS pran pi bon desizyon plasman pou etidjan-a.

Si etidjan ELL-la ap re enskri apre 1<sup>ve</sup> oktòb, e tou pre 3 an sèvi komansman pwogram (dapre Dat Antre nan Yon Lekòl Peyi Etazini-DEUSS), etidjan-a pral re evalye. Test IPT A/O-a ak test evalyasyon IPT R/W pral administre e yon reyinyon Komite ELL-la pral fèt, tou le de pa pi bonè ke trant (30) jou lekòl avan twazyèm anivèsè DEUSS etidjan-a pou nou kapab detèminen ekstansyon sèvis dapre 6A-6.09022. Tout lot ane presedant nan yon pwogram ESOL Laflorid pral konte pou obeyisans e pou rezon FTE.

### **Soti yon lot eta ale nan yon LEA Laflorid: Depi enskripsyon nan yon lekòl OCPS**

ELL-yo ki LY ki soti Lekòl Piblik Oranj Kanti pou mwens ke 6 mwa, kap re enskri e ki gen rezilta-ranseyman evalyasyon ESOL, ap kontinye nan pwogram ESOL san yo pa bezwen refè okenn test. Fòm Avi Elijibilite/Plasman Anyel voye bay paran e yon kopi plase tankou yon moso Plan ELL etidjan nan pòtfolyo ELL. Tout ansyen etidjan ELL Oranj Kanti ki retire tèt-yo pou plis ke 6 mwa e pou kilès pa genyen ranseyman test ESOL a jou ki disponib, pral re-evalye ak enstriman evalyasyon ESOL ki apwopri pou laj-yo. Rezilta egzamen-yo pral itilize pou mezire pwogrè sou konpetans nan lang angle e pou detèminen elijibilite nan pwogram. Etidjan-a kapab voye devan Komite ELL pou detèminen elijibilite. Malgre ke ranseyman ESOL lot eta pa itilize, li enpotan pou resevwa le plis ranseyman akademik ki pral ede OCPS pran pi bon desizyon plasman pou etidjan-a.

Si etidjan ELL-la ap re enskri apre 1<sup>ve</sup> oktòb, e tou pre 3 an sèvi komansman pwogram (dapre Dat Antre nan Yon Lekòl Peyi Etazini-DEUSS), etidjan-a pral re evalye. Test IPT A/O-a ak test evalyasyon IPT R/W pral administre e yon reyinyon Komite ELL-la pral fèt, tou le de pa pi bonè ke trant (30) jou lekòl avan twazyèm anivèsè DEUSS etidjan-a pou nou kapab detèminen ekstansyon sèvis dapre 6A-6.09022. Tout lot ane presedant nan yon pwogram ESOL Laflorid pral konte pou obeyisans e pou rezon FTE.

### **Soti yon lot peyi ale nan yon LEA Laflorid: Depi enskripsyon nan yon lekòl OCPS**

ELL-yo ki LY ki soti Lekòl Piblik Oranj Kanti pou mwens ke 6 mwa, kap re enskri e ki gen rezilta-ranseyman evalyasyon ESOL, ap kontinye nan pwogram ESOL san yo pa bezwen refè okenn test. Fòm Avi Elijibilite/Plasman Anyel voye bay paran e yon kopi plase tankou yon moso Plan ELL etidjan

nan pòtfolyo ELL. Tout ansyen etidjan ELL Oranj Kanti ki soti pou plis ke 6 mwa e pou kilès pa genyen ranseyman test ESOL a jou ki disponib, pral re-evalye ak enstriman evalyasyon ESOL ki apwopri pou laj-yo. Rezilta egzamen-yo pral itilize pou mezire pwogrè sou konpetans nan lang angle e pou detèminen elijibilite nan pwogram. Etidjan-a kapab voye devan Komite ELL pou detèminen elijibilite. Li enpotan pou resevwa le plis ranseyman akademik ki pral ede OCPS pran pi bon desizyon plasman pou etidjan-a.

Si etidjan ELL-la ap re enskri apre 1<sup>ve</sup> oktòb, e tou pre 3 an sèvi komansman pwogram (dapre Dat Antre nan Yon Lekòl Peyi Etazini-DEUSS), etidjan-a pral re evalye. Test IPT A/O-a ak test evalyasyon IPT R/W pral administre e yon reyinyon Komite ELL-la pral fèt, tou le de pa pi bonè ke trant (30) jou lekòl avan twazyèm anivèsè DEUSS etidjan-a pou nou kapab detèminen ekstansyon sèvis dapre 6A-6.09022. Tout lot ane presedant nan yon pwogram ESOL Laflorid pral konte pou obeyisans e pou rezon FTE.

## **Devlopman Plan ELL Etidjan**

**Dekri pwosedi pou devlope Plan ELL Etidjan. Mete tit moun responsab pou devlope plan, e pou mete eleman ramsaj ranseyman ELL-yo a jou. Pi plis, mete yon deskripsyon ki lè e ki jan plan-a mete a jou pou reflète sèvis etidjan ap resevwa kounya.**

Depi enskripsyon ak repons 'wi' nan kesyon HLS-yo Plan ELL etidjan premyèm detèminen pa moun kap resevwa enskripsyon (oubyen pèsonel lekòl-la kap ede ak pwosede enskripsyon) dapre fòm enskripsyon etidjan e sou List Kontwòl Evalyasyon Pwogramatik. CCT oubyen reprezantan prensipal ak konseye pedagogik ap devlope yon orè tanporè pou plasman apwopri, si sa-a aplikab. CCT oubyen reprezantan prensipal plase non etidjan nan yon journal testinn. CCT, reprezantan prensipal, EP, oubyen Asistan Pwogram distrik ap bay evalyasyon nan yon limit tan ven (20) jou lekòl. Desizyon plasman final baze sou rezilta test e/oubyen etidjan kapab voye devan Komite ELL, si nesèsè.

Aprè ke testinn ESOL apwopri finn konplete, CCT oubyen reprezantan prensipal ap kontinye pwosede devlope Plan ELL etidjan-a. Depi elijibilite nan pwogram ESOL finn detèminen, Plan ELL etidjan-a mete a jou e/oubyen modifye jan sa-a nesèsè. Tout dokimantasyon kenbe nan Plan ELL etidjan-a andedan pòtfolyo ELL e plase nan dosye kimilatif etidjan-a. Paran-yo ap resevwa yon kopi fòm plasman-yo nan lang natif natal yo, depi sa-a posib.

CCT, reprezantan prensipal e/oubyen EP nan lekòl ap asire ke yon kopi a jou orè ELL-la, kap reflète pwogram ak klas pou kounya, klase nan Plan ELL etidjan andedan pòtfolyo ELL. Nenpòt ki lè yon chanjman fèt nan Plan ELL etidjan, yon nouvo orè ELL jenere e plase nan pòtfolyo ELL etidjan. Plan ELL etidjan-a mete a jou 2 fwa pa an (komansman ane skolè e komansman dezyèm semès). Komite ELL, ki fèt ak yon pwofèsè, administratè oubyen reprezantan prensipal, paran, konseye pedagogik, ak reprezantasyon ESOL kapab revize e/oubyen mete Plan ELL etidjan a jou, nenpòt ki lè, pou dokimante sèvis sipò adisyonel, yon chanjman model oubyen pwogram enstriksyon.

**Dekri eleman plan-a (pa egzanzp, kominikasyon lakay-lekòl, ore ak klas etidjan, siveyans pwogrè, entèvansyon, evalyasyon ak lot kalite evalyasyon). Ki wòl pwofèsè-a genyen nan devlopman plan-a?**

Plan ELL etidjan genyen tout dokiman ki andedan pòtfolyo ELL etidjan ELL. Tout etidjan ki pa elijib pou pwogram ESOL, gen yon pòtfolyo ki genyen ladan dokiman sa-yo: kouvèti pòtfolyo ELL, fòm enskripsyon etidjan, fòm list kontwòl evalyasyon pwogramatik, eleman idantifikasyon e/oubyen

ranseyman soti, ak fòm avi elijibilite. Kèk kapab genyen tou yon fòm lèt reta oubyen dokimantasyon komite ELL, jan li apwopri.

Tout etidjan elijib pou pwogram ESOL gen yon pòtfolyo ELL ki genyen ladan: fòm chwa parantal pou opsyon model pwogram ESOL ak ore etidjan ELL. Pòtfolyo Plan ELL gen dwa genyen ladan tou: fòm refize sèvis Title III, kanè e/oubyen rapò pwogrè, fòm komantè pwofèsè, evalyasyon enfomel (etidjan ESE/ELL), lot dokimantasyon Komite ELL jan li apwopri (pa egzanp: ranseyman evalyasyon eta, distrik oubyen sal de klas, egzanp travay etidjan, enfomasyon akademik oubyen konpotman, not Konseye pedagogik, sikolog, etc.). Depandan de stati ESOL etidjan-a, valè tan nan pwogram ESOL, ak istorik spesifik etidjan-a, kèk pòtfolyo Plan ELL etidjan gen dwa genyen ladan lot dokiman. Sa-a ka genyen rezilta evalyasyon Konpetans Lang Angle (ELP), fòm avi ekstansyon enstriksyon e/oubyen fòm soti pwogram, ak fòm siveyans apre reklasifikasyon.

Komite ELL, ki fèt ak yon pwofèsè, administratè oubyen reprezantan prensipal, paran, konseye pedagogik, ak reprezantasyon ESOL kapab revize e/oubyen mete Plan ELL etidjan a jou, nenpòt ki lè, pou dokimante sèvis sipò adisyonel, oubyen pou chanje model oubyen pwogram enstriksyon.

### **Tanpri mete yon lyen sou Plan ELL Etidjan.**

(Plan ELL Etidjan fèt ak dokiman ki enkli nan pòtfolyo ELL etidjan, pa yon sel fòm.)

Tout ranseyman kenbe nan platfòm ranseyman distrik-la: [www.sms.ocps.net](http://www.sms.ocps.net)

## **Seksyon 4: Obligasyon Pwogram Konpreansiv e Enstriksyon Etidjan**

### **Model Enstriksyon**

An plis de pwofèsè kap sèvi ak strateji *English for Speakers of Other Languages*/Angle pou Moun Ki Pale Lot Lang (ESOL) obligatwa pou yo anseye ELL-yo, ki model oubyen apwòch enstriksyon ki itilize pou asire ke moun konprann enstriksyon? Deskripsyon chak model parèt nan manyel ranseyman ([Database Manuals](#)) kouran nan Depatman Edikasyon Laflorid (FDOE). (*Tchèke tout sa ki aplike*)

- Ar Langaj Angle Abrite
- Domenn Sijè De Baz/Sijè Prensipal Abrite
- Nòm-al-Enklizyon Ar Langaj Angle
- Nòm-al-Enklizyon Domenn Sijè Prensipal/Sijè De Baz
- Mentenans Ak Edikasyon Bileng Devlopmanal
- Doub Langaj (A 2 Sans) Edikasyon Bileng Devlopmanal

### **Dekri ki jan model enstriksyon-yo itilize nan LEA. Adrès ki jan LEA ap veye lekòl-yo pou asire ke model enstriksyon-yo byen mete an mach jan yo sipoze.**

Administratè sit-la detèminen model enstriksyon ki mete an mach avèk ako direktè jeneral zòn-la. Depatman Miltileng ap bay asistans pou asire ke moun kapab konprann enstriksyon e ke li konparab ak sa etidjan ki pa ELL ap resevwa. Administratè Sit-La, Direktè Jeneral Zòn-Yo ak Direktè Depatman Miltileng ap veye bagay sa-yo a travè vizit lekòl e nan pase gade andedan sal de klas-yo.

Lekòl Elemantè: la plipa ap mete model nòm-al-enklizyon an mach pou LEA-yo e Enklizyon Domenn Sijè Prensipal/Sijè De Baz itilize nan domenn sijè-yo. Genyen pou le moman 13 lekòl elemantè nan OCPS kap mete an mach yon Pwogram pou Edikasyon Bileng Devlopmanal A Sans Inik Angle/Panyòl. Genyen tou 3 lekòl kap mete an mach yon Pwogram Langaj Doub A 2 Sans.

Lekòl Mwayenn: La plipa nan lekòl mwayenn-yo i konpri lekòl a plizyè nivo (K-8) te mete an mach nòm-al-enklizyon pou LEA-yo ak nòm-al-Enklizyon Domenn Sijè Prensipal/Sijè De Baz pou domenn sijè-yo. Ar Langaj Devlopman tal ofri tankou yon pwogram ki pa obligatwa. ELL-yo ki resevwa yon rezilta Nivo 1 oubyen 2 sou egzamen FSA ELA enskri nan Lekti Ar Lang Devlopman tal oubyen nan Lekti Entansiv. Kèk nan lekòl mwayenn-yo te mete an mach yon ELA Abrite e yon Sijè Prensipal/Sijè de Baz Abrite pou ELL-yo ki nan pwogram-la pou 2 ane ou mwens. Genyen tou 3 lekòl kap mete an mach yon Pwogram Langaj Doub A 2 Sans.

Lekòl Siperyè: La plipa nan lekòl siperyè-yo ap mete an mach Nòm-al-Enklizyon ELA ak Nòm-al-Enklizyon Sijè Prensipal/Sijè de Baz nan nivo 9-12, sèvi ak strateji ESOL pou angle e pou domenn sijè-yo. Lekòl siperyè-yo ap ofri klas Lekti Entansiv e/oubyen klas Lekti Ar Langaj Devlopman tal tankou klas ki pa obligatwa pou ELL-yo ki resevwa yon rezilta Nivo 1 oubyen 2 sou egzamen FSA ELA. Kèk nan lekòl siperyè-yo te mete an mach yon Angle Abrite e yon Sijè Prensipal/Sijè de Baz Abrite pou moun ki pa pale angle e pou moun ki genyen ti angle limite. Klas abrite sa-yo ap bay devlopman nan menm lè pou domenn sijè-yo ak pou konpetans nan angle.

Pwogram Altènatif Pou Lekòl Mwayenn ak Siperyè: Ap ofri Nòm-al/Enklizyon ELA ak Nòm-al Sijè de Baz/Sijè Prensipal pou sijè angle ak akademik.

Depatman Sèvis Edikasyon Etidjan Miltileng ap ofri fomasyon ak sipò pou lekòl-yo nan zafè miz an mach tout model enstriksyon-yo.

### **Dekri pwosede pou verifye ke enstriksyon ki bay pou ELL-yo egal nan kantite, sekans, kalite ak etandi ak sa-a ki bay pou non ELL-yo.**

Chak lekòl responsab pou kenbe yon envantè tout materyel ki itilize pou fasilite enstriksyon, tankou liv skolè, pwogram sou konpyoutè, ak tout lot pwogram oubyen materyel enstriksyon adisyonel. Chak lekòl dwe dokimante orè spesifik pou chak etidjan ELL, i konpri sa kap swiv:

- Non Etidjan
- Nimero Etidjan
- Kod ELL Etidjan
- Dat Plan Etidjan
- Kod Finansman FEFP
- Kod orè pou endike model enstriksyon pa klas
- Tit ak nimero chak klas nan kilès etidjan enskri
- Kantite minit pa semenn e pa sijè
- Non pwofèsè kap anseye klas-la

### **Ki jan LEA ap detèminen si model enstriksyon-yo ap afekte pèfomans etidjan yon jan ki pozitif?**

Yon varyete mezi ap itilize pou detèminen si model enstriksyon-yo ap afekte pèfomans etidjan yon jan ki pozitif. Pwofèsè-yo ap kenbe dosye sou strateji ak akomodasyon ki fèt ak ELL-yo nan plan leson chak jou e/oubyen dosye anekdotik. Evalyasyon fomatif komen ak pòtfolyo etidjan revize byen souvan pou detèminen kalite pèfomans ELL-yo dapre model enstriksyon-yo. Rapò enterim pou ELL-yo ak nòt nan kanè ap ede tou pou moun detèminen si model enstriksyon-yo ap afekte ELL-yo yon jan ki pozitif.

## **Ki jan ELL-yo garanti aksè egal nan tout pwogram, sèvis ak fasilite ki disponib pou etidjan ki pa ELL-yo?**

ELL-yo genyen aksè egal nan tout pwogram ki mete an mach nan distrik skolè, ke yo ofri oubyen finanse anba la lwa federal oubyen eta oubyen a travè inisyativ lokal jan lalwa eta ap egzije. Pwogram sa-yo genyen ladan me yo pa limite nan: Title I, Edikasyon Eksepsyonel, Anfans Byen Bonè, VPK, Doue, Klas AP, Pwogram IB, aktivite ekstra kirikilè, Edikasyon Pwofèsyonel ak Teknik, ak tou prevansyon pou pa kite lekòl avan lè ak pwogram Magnet. Pwogram magnet Oranj Kanti se pwogram ki "admisyon ouvèt" ki vle di ke tout etidjan kapab aplike e genyen yon chans pou yo chwazi nan lotri magnet. Orè etidjan ap dokimante ke etidjan ap resevwa aksè egal nan tout sijè prensipal-yo.

Etidjan Edikasyon Eksepsyonel ki rive nan elijibilite pwogram plase nan pwogram ESOL. Sepandan, pou tèt eksepsyonalite, yon komite IEP/ELL kapab rankontre nenpòt ki lè pou detèminen stati antre/soti ELL-la e yon desizyon ke yon majorite moun enterèse ap pran kapab genyen plis pwa pase rezilta evalyasyon-yo.

ELL-yo pa gen restriksyon pou aksè egal pou tèt kritè oubyen metod administrasyon pwogram (tankou limit tan ki ranje a lavans konsènan elijibilite nan pwogram oubyen rezon an rapò ak konpetans limite nan angle, oubyen nivo minimom pou konpetans nan angle ki obligatwa a lavans avan ke yo kapab resevwa sèvis) kap mete sèvis yo an reta oubyen kap refize sèvis yon jan ki pa apwopriè. Direktè Miltileng ap veye rapò ranseyman enskripsyon distrik pou detèminen pousantaj patisipasyon ELL-yo nan pwogram egzijan ki ofri nan OCPS e l'ap ofri solisyon pou ogmante patisipasyon ELL-yo jan sa-a nesèsè.

## **Dekri metod ki itilize nan LEA pou dokimante itilizasyon strateji enstriksyon ESOL e ki jan bagay sa-a veye.**

Pwofèsè-yo chwazi e yo dokimante strateji ESOL nan plan leson chak jou-yo dapre nivo konpetans akizasyon dezyèm lang etidjan-yo. Pwofèsè-yo ap dokimante metriz kirikilom sijè prensipal ak egzanp travay etidjan. Prensipal-la oubyen asistan prensipal ap verifiye dokimantasyon sou itilizasyon strateji ESOL-yo pou fè ke moun konprann enstriksyon. Pou etidjan-yo ki pa fè pwogrè nan lang ak nan akademik, Komite ELL ap rankontre touswit pou yo:

- Idantifye e diskite bezwen langaj ak akademik etidjan-a
- Yon Plan ANI devlope pou adrès entèvansyon-yo (plan aksyon)
- Pwogrè etidjan veye pou evalye si entèvansyon-yo efikas e chanjman fèt jan sa-a nesèsè

Pwosede siveyans sa-a ap fèt pandan tout ane skolè e Spesyalis Obeyisans Distrik-yo ap verifiye li tou. Yon pwosede MTSS komanse tou pou ale ansanm ak ANI jan sa-a nesèsè.

## **Ki jan LEA ak lekòl ap verifiye ke ELL-yo resevwa enstriksyon ke yo kapab konprann? Ki prekosyon ki an plas pou finn si ke ELL-yo ap resevwa aksè egal nan pwogram-yo e ke yap resevwa yon enstriksyon ke yo kapab konprann? Mete pèsoneel LEA ak lekòl ki responsab pou asire yon enstriksyon ke moun kapab konprann.**

Lekòl-yo oblije bay enstriksyon ki egal nan etandi, sekans ak kalite ak sa-a etidjan ki pa ELL-yo ap resevwa. ELL-yo oblije rive nan standa Eta Laflorid menm jan ak etidjan ki pa ELL. Pou bagay sa-a kapab fèt, lekòl-yo ap itilize resous sa-yo:

- Materyel kirikilom eta ak distrik ki adapte pou nivo
- Liv skolè sou sijè-yo (liv skolè nan lang natif natal kapab itilize si yo disponib)
- Sistèm ak resous WIDA ki ofri nan [www.wida.us](http://www.wida.us)

- CPALMS
- Manyel Pwosediral pou ELL-yo nan OCPS
- Materyel ESOL siplemantè ke Depatman Miltileng OCPS revize

Livrezon sijè-yo fèt pou li repòn nan bezwen ELL-yo dapre nivo konpetans nan langaj-yo. Pwofèsè-yo ap resewva fomasyon ESOL apwopriè dapre sètifikasyon-yo pou sijè jan eta Laflorid ap mande pou sa-a fèt.

Pwofèsè-yo chwazi e yo dokimante strateji ESOL nan plan leson chak jou-yo dapre nivo konpetans akizisyon dezyèm lang etidjan-yo. Pwofèsè-yo ap dokimante metriz kirikilom sijè prensipal ak egzantp travay etidjan. Prensipal-la ak asistan prensipal responsab pour asire ke pwofèsè-yo ap bay yon enstriksyon ke tout etidjan ELL-yo kapab konprann e yo itilize yon sistèm obsèvasyon nan sal de klas pou verifye e pou dokimante rezilta obsèvasyon-yo. An plis, 'coach' ELL-yo ap bay pwofèsè-yo sipò si yo bezwen asistans ak zafè bay yon enstriksyon ELL-yo kapab konprann. Yap bay pwofèsè ak administratè-yo tou kèk devlopman pwofèsyonel nan pi bon pratik ki baze sou evidans pou ELL-yo jan sa-a nesèsè.

Pèsonel LEA ki responsab pou asire yon enstriksyon ELL-yo kapab konprann se:

Administratè Nan Nivo Lekòl  
 Administratè Nan Nivo Rejyonal Ak Distrik  
 'Coach' Enstriksyon Distrik-Yo Kap Soti Nan Depatman Miltileng  
 Spesyalis Obeyisans Lwa Distrik-Yo Kap Soti Nan Depatman Miltileng  
 Pwofèsè Kirikilom Ak Obeyisans Lwa-Yo (CCT) Ki Baze Nan Lekòl  
 'Coach' Enstriksyon Ki Baze Nan Lekòl

**Ki zouti siveyans pwogrè ki itilize pou asire ke tout ELL-yo ap metrize standa sijè akademik pou nivo-yo, ak pwen referans-yo ak standa Devlopman Lang Angle (ELD)? (tchèke tout sa kap aplike)**

- Pòtfolyo Etidjan
- Lot Egzamen ak Kritè Referans (Spesifye)
- Evalyasyon Lang Natif Natal (Spesifye) Tejas Lee
- Evalyasyon Nan LEA/Nan Tout Lekòl (Spesifye) MAP (K-2)
- Lot (Spesifye) Common Formative Assessments, Imagine Learning, DynEd, IReady, IStation, me pa limite nan sa-yo selman

### **Pwogresyon Etidjan**

**Eske standa ak pwosedi LEA-yo pou pwomosyon, plasman ak retansyon ELL-yo mete ansanm ak Plan Pwogresyon Etidjan (SPP) nan LEA? Si non, ki kote moun kapab jwenn enfomasyon sa-a?**

- Wi. Tanpri bay yon lyen pou jwenn SPP LEA-a ak spesifik pou ELL-yo ki souliye.

<https://www.ocps.net/cs/services/student/progression/Pages/default.aspx>

- Non (Spesifye) \_\_\_\_\_

**Dekri ki jan Polis Bòn Kòz mete an mach nan LEA-ou lè ELL-yo ki enskri pou mwens ke 2 ane (dapre DEUSS) dispansè retansyon obligatwa nan twazyèm ane. Mete ki jan paran oubyen gadyen avize konsènan desizyon bòn kòz LEA pran.**

Etidjan ELL ak mwens ke 2 ane sèvis ESOL depi nan DEUSS-yo e ak yon rekomandasyon Komite ELL kapab resevwa yon dispans kont retansyon. Yo dwe envite paran/gadyen patisipe nan tout reyinyon Komite ELL-yo e yo dwe fè yo konnen alekri tou ki desizyon Komite ELL te pran. Jan li defini nan Seksyon 1008.25(6), F.S., Dispans Bòn Kòz pou etidjan ELL-yo kapab bay si etidjan te resevwa mwens ke 2 ane enstriksyon nan yon pwogram Angle Pou Moun Ki Pale Lot Lang depi dat li te antre nan lekòl peyi Etazini (DEUSS).

**Dekri ki wòl Komite ELL genyen nan desizyon rekmande retansyon oubyen pwomosyon nenpòt ki ELL e ki dokimantasyon ki itilize pou bay desizyon sa-yo sipo.**

Komite ELL, kap fonksyonnen an akò ak Règleman A-6.0900- A6.90, F.A.C., ak '1990 League of United Latin American Citizens et al. State Board of Education et al. Consent Decree', ap pran desizyon ki apwopriè konsènan bon jan plasman Apranti Lang Angle-yo (ELL-yo) nan distrik skolè. Komite ELL kapab itilize dokimantasyon pou sipò tankou ranseyman evalyasyon eta, distrik oubyen sal de klas, egzàn travay etidjan, enfòmasyon akademik, nòt konseye pedagogik, etc. Etidjan ELL-yo pa kapab kenbe selman pou tèt yo manke pale angle byen. Preferans paran ap pran an konsiderasyon.

## **Seksyon 5: Evalyasyon Pou Tout Eta (Règleman 6A-6.09091, F.A.C.)**

### **Evalyasyon Pou Tout Eta**

**Dekri pwosede pou asire ke tout ELL-yo patisipe nan pwogram evalyasyon nan tout eta Laflorid. Mete ki jan pèsone responsab fòmen pou yo administre evalyasyon-yo e kenbe dokimantasyon bagay sa-yo:**

#### **Evalyasyon Domenn Sijè Pou Tout Eta:**

Tout Apranti Lang Angle (ELL-yo) nan Lekòl Piblik Oranj Kanti (OCPS) ap patisipe nan FSA ki fèt nan tout eta-a. Sa-a genyen ladan tou etidjan-yo ki te enskri nan yon pwogram ESOL pou 12 mwa oubyen mwens. Chak administratè lekòl-yo ap deziye yon koodinatè pou egzamen ki responsab pou fomasyon administratè egzamen-yo, pou dokimante ke ELL-yo ki ta dwe teste pral teste vre, e pou kenbe egzamen-yo an sekirite.

#### **Pwogram Evalyasyon ACCESS pou ELL-yo:**

Tout Apranti Lang Angle (ELL-yo) nan Lekòl Piblik Oranj Kanti (OCPS) ap patisipe nan Evalyasyon Konpetans Lang Angle ki fèt nan tout eta-a. Chak administratè lekòl-yo ap deziye yon koodinatè pou egzamen ki responsab pou fomasyon administratè egzamen-yo, pou dokimante ke ELL-yo ki ta dwe teste pral teste vre, e pou kenbe egzamen-yo an sekirite. Depatman Sèvis Edikasyon Etidjan Ki Pale Plizyè Lang ap bay sèsyon fomasyon bay koodinatè ak pwofèsè kirikilom ak obeyisans la lwa ki baze nan lekòl sou ki jan pou yo administre evalyasyon ACCESS pou ELL, an plis de zafè administratè egzamen-yo kap konplete modil Evalyasyon WIDA-yo. Pi plis, tout 'coach' enstriksyon miltileng ak spesyalis pou obeyisans la lwa nan distrik bezwen konplete modil Evalyasyon WIDA-yo, pran evalyasyon pou moso pale nan evalyasyon-a, e pase ak yon rezilta 80% ou pi wo avan ke yo kapab

asiste ak zafè bay egzamen-a nan lekòl-yo. Sètifika Achèvmman enprime e yo klase nan biro administratè Depatman Miltileng ak manm pèsone ki reprezantan sekretè.

### **Kisa ki tit moun baze nan lekòl ki responsab pou asire e pou dokimante ke ELL-yo resevwa akomodasyon apwopriè pandan egzamen (dapre obligasyon administrasyon egzamen)?**

Prensipal oubyen reprezantan prensipal responsab pou asire ke tout ELL-yo patisipe nan pwogram evalyasyon eta pou FSA e pou ACCESS pou ELL-yo 2.0 e ke yo resevwa akomodasyon aplikab. Prensipal-yo kapab chwazi deziye CCT-a, spesyalis stafin lekòl-la, koodinatè egzamen-a, konseye pedagogik-la oubyen yon konbinezon moun sa-yo kap responsab pou yo asire ke ELL-yo ap resevwa akomodasyon egzamen ki apwopriè dapre obligasyon administrasyon egzamen.

#### **FSA**

Prensipal lekòl-la oubyen reprezantan prensipal ap revize Manyel Administrasyon FSA chak ane pou asire ke nenpòt ki akomodasyon adisyone ke FDOE ap pèmèt mete an mach jan sa-a sipoze fèt. Akomodasyon ki pèmèt pou ELL-yo se:

1. Kote Fleksib
2. Orè Fleksib
3. Tan Fleksib
4. Asistans nan Lang Natif Natal-Pou egzamen matematik ak syans
5. Diksyonè Bileng ki Apwouve (mo a mo)
6. ELL-yo, ki konn klasifye tankou Edikasyon Eksepsyonel oubyen Etidjan Ak Kèk Andikap, pral resevwa akomodasyon adisyone pou egzamen jan li spesifye nan Règleman 6A-1.0943, FAC.

#### **ACCESS pou ELL-yo 2.0**

Prensipal lekòl-la oubyen reprezantan prensipal ap revize Manyel Administrasyon ACCESS pou ELL-yo 2.0 pou asire ke nenpòt ki akomodasyon adisyone ke FDOE ap pèmèt mete an mach jan sa-a sipoze fèt. Akomodasyon ki pèmèt pou ELL-yo se:

1. Kote Fleksib
2. Orè Fleksib
3. Tan Fleksib
4. Bay ase tan pou konplete egzamen.
5. ELL-yo, ki konn klasifye tankou Edikasyon Eksepsyonel oubyen Etidjan Ak Kèk Andikap, pral resevwa akomodasyon adisyone pou egzamen jan li spesifye nan Règleman 6A-1.0943, FAC
6. KAPAB sèvi ak lang lakay ELL-la pou tradwi direksyon si tradiksyon se yon mwayen èfikas pou ede ELL konprann kisa li sipoze fè.
7. Ankourajman vèbal (pa egzanzp, "kontinye travay; finn si ke ou repòn tout kesyon-yo") kapab bay.

### **Dekri ki jan paran ELL-yo avize lè genyen evalyasyon ak akomodasyon pou egzamen. Ki jan LEA-a fè finn si ke paran-yo konprann polis evalyasyon pou tout eta Laflorid, manda ak konsekans lojik pou etidjan? Tanpri bay lyen pou kominikasyon nan langaj paran.**

Depatman Rechèch Responsabilite ak Evalyasyon responsab pou gaye enfomasyon konsènan evalyasyon tout eta Laflorid nan tout lekòl-yo. Chak lekòl responsab pou kominike enfomasyon-yo bay paran ELL-yo nan yon langaj ke paran-yo kapab konprann, depi sa posib. Lekòl-yo kapab itilize lèt Akomodasyon Kote Fleksib ki sou sit entènèt depatman Miltileng.

<https://www.ocps.net/cs/multilingual/Pages/default.aspx>

## Seksyon 6: Evalyasyon Anyel pou Konpetans nan Lang Angle (Règleman 6A-6.0903, F.A.C.)

**Dekri pwosedi pou detèminen si ELL-yo pare pou yo soti pwogram ESOL nan LEA-a. Mete pwosedi soti pou tout domenn langaj (tande, pale, li e ekri), kritè akademik spesifik pou nivo ak enfomasyon kap rapote chanjman stati.**

ELL-yo nan OCPS konsidere pou soti posib nan ESOL dapre pèfomans nan nivo jan li endike nan FSA e nan ACCESS ELL-yo 2.0 oubyen ane skolè, jan sa-a aplikab.

Kritè soti dapre ACCESS pou ELL-yo 2.0 ak FSA ELA (itilize jis 1<sup>ye</sup> oktòb):

- Pou etidjan nan nivo K-2, Evalyasyon Konpetans Lang Angle tout eta se sel evalyasyon ki obligatwa
  - Konpetan nan tout domenn langaj (tande, pale, li ak ekri) nan ACCESS pou ELL-yo 2.0.
- Etidjan nan nivo 3-9 bezwen genyen yon rezilta pasaj sou FSA nan ELA oubyen FSAA nivo-yo, dapre Règleman 6A-1.09430, F.A.C. e yo dwe konpetan nan tout domenn langaj (tande, pale, li ak ekri) pou ACCESS pou ELL-yo 2.0 e genyen yon rezilta “satisfèzan” sou evalyasyon FSA ELA pou nivo-yo.
- Pou Etidjan nan nivo 10-12, yon rezilta sou FSA nan ELA 10<sup>yèm</sup>, oubyen yon rezilta sou FSAA, dapre Règleman 6A-1.09430, F.A.C., oubyen yon rezilta sou FCAT 10<sup>yèm</sup> nan Lekti, dapre Règleman 6A-1.09422, F.A.C., sifizan pou rive nan obligasyon aplikab pou diplome, oubyen yon rezilta an ako ekivalan dapre Seksyon 1008.22, F.S. e yo dwe konpetan nan tout domenn langaj (tande, pale, li ak ekri) pou ACCESS pou ELL-yo 2.0.

**Note:** Yon rezilta 4.0 nan chak domenn langaj e yon rezilta jeneral konpoze de 5.0 konsidere tankou konpetan sou evalyasyon ACCESS pou ELL-yo 2.0 dapre Règleman 6A-6.09021, F.A.C. Pou etidjan ki genyen andikap rezonman ki sevè kap pran evalyasyon altènativ ACCESS pou ELL-yo 2.0, nivo konpetans ap bezwen yon rezilta jeneral P1 ou pi plis.

Lè yo sèvi ak rezilta ACCESS pou ELL-yo 2.0 ak FSA ELA, lekòl-yo dwe soti etidjan nan yon limit tan de (2) semenn apre komansman pwochenn ane skolè e yo dwe sèvi ak dènye jou ane skolè nan kilès egzamen FSA nan ELA te administre tankou dat soti.

CCT ESOL-la oubyen reprezantan prensipal ap idantifye etidjan ki elijib pou yo soti pwogram ESOL.

- Yon reyinyon Komite ELL ap fèt, si nesèsè.
- Avi ke l’ap soti nan pwogram-la voye bay paran-yo
- Enfomasyon antre nan sistèm jerans etidjan distrik-la (SMS)
- Depi nan soti pwogram ESOL, etidjan pral veve pou yon peryod tan 2 ane e yap resevwa yon kod tankou ansyen etidjan ELL (LF).

**Kisa ki tit moun ki responsab pou li fè evalyasyon pou soti ki dekri pi wo? (Tchèke tout sa-a kap aplike.)**

- Administratè egzamen baze nan lekòl/LEA
- Pwofèsè/Koodinatè ESOL
- Lot (Spesifye) CCT oubyen reprezantan prensipal

## **Kilè yon Komite ELL ap antre nan zafè desizyon soti? Ki kritè Komite-a itilize pou detèminen konpetans langaj ak akademik?**

Depi yon pwofèsè, konseye pedagojik, administratè oubyen paran etidjan mande, yon etidjan ki te klase tankou yon ELL e ki te enskri nan pwogram ESOL kapab re evalye pou konpetans nan lang angle nan yon reyinyon Komite ELL, nenpòt kilè. Tout etidjan ke yon Komite ELL konsidere pou yon soti pral evalye ak enstriman evalyasyon ke Depatman Edikasyon apwouve tankou IPT A/O ak R/W evalyasyon depi sa-a aplikab. Evalyasyon-a pral administre pa pi bonè ke trant (30) jou avan reyinyon Komite ELL pou detèminen soti. Komite pral revize dosye akademik etidjan e l'ap konsidere rezilta egzamen ACCESS pou ELL-yo 2.0 ak FSA (jan sa-a aplikab) e kritè kap swiv ke eta apwouve pral itilize pou detèminen elijibilite pou soti:

- a) Etandi ak nati eksperyans edikasyon ak sosyal presedant, ak entèvyou etidjan;
- b) Rekomandasyon alekri ak obsèvasyon ke pèsone enstriksyon kounya e pase e pèsone sèvis sipò ap fè;
- c) Nivo metriz konpetans de baz oubyen talan pou angle e/oubyen lang natif natal dapre standa referans kritè lokal, eta ak nasyonal-yo;
- d) Nòt pou ane pase oubyen ane kourant;
- e) Rezilta lot egzamen ke sa-a ki idantifye pou plasman nan yon pwogram ESOL

Desizyon Komite pral resevwa sipò nan o mwens 2 sou 5 kritè etabli. Preferans paran pral konsidere nan desizyon final. Pou etidjan kapab soti nan pwogram ESOL, majorite nan moun Komite ELL dwe detèminen ke etidjan konpetan nan lang angle.

## **Dekri pwosedi si yon ELL rive nan kalifikasyon pou soti nan mitan yon peryod de nòt.**

Etidjan ELL evalye ak IPT aural/oral (K-2) e ak R/W (3-12) pou li kapab genyen yon egzamen ELP ki a jou. CCT oubyen reprezantan prensipal ap ranje pou Komite ELL rankontre e majorite manm yo ap detèminen si li pi apwopriye pou soti etidjan-a touswit oubyen rete tann fen peryod nòt kourant-la. Sa kap swiv se sa-a moun revize pandan reyinyon Komite ELL pou soti:

- rezilta IPT (K-12)
- achèyman akademik sou nivo nan klas sijè prensipal-yo
- rekomandasyon pwofèsè alekri ke pwofèsè ELL-yo pou kounya ap fè

Desizyon Komite ELL dwe baze sou 2 sou 5 kritè eta-a mete.

- a) Etandi ak nati eksperyans edikasyon ak sosyal presedant, ak entèvyou etidjan;
- b) Rekomandasyon alekri ak obsèvasyon ke pèsone enstriksyon kounya e pase e pèsone sèvis sipò ap fè;
- c) Nivo metriz konpetans de baz oubyen talan pou angle e/oubyen lang natif natal dapre standa referans kritè lokal, eta ak nasyonal-yo;
- d) Nòt pou ane pase oubyen ane kourant;
- e) Rezilta lot egzamen ke sa-a ki idantifye pou plasman nan yon pwogram ESOL

Paran-yo dwe resevwa yon kopi fòm soti ak nòt reyinyon Komite ELL kap fè paran-yo konnen ki desizyon majorite manm Komite ELL-yo te pran, nan lang pa yo depi sa posib.

## **Seksyon 7: Pwosedi Siveyans (Règleman 6A-6.0903, F.A.C.)**

**Pandan peryod siveyans 2 an obligatwa, kisa ki tit moun ki responsab pou:**

**Fè pèfomans swivi pou ansyen ELL-yo?**

CCT oubyen reprezantan prensipal ak opinyon pwofèsè sal de klas, responsab pou asire ke pwosede siveyans te konplete jan li sipoze, mete Plan ELL etidjan ak rapò ranseyman-yo a jou.

### **Mete Plan Etidjan ELL-la a Jou?**

CCT oubyen reprezantan prensipal ak opinyon pwofèsè sal de klas, responsab pou asire ke pwosede siveyans te konplete jan li sipoze, mete plan ELL etidjan ak rapò ranseyman-yo a jou.

### **Reklasifikasyon stati ELL-la nan sistèm rapò ranseyman?**

CCT oubyen reprezantan prensipal ak opinyon pwofèsè sal de klas, responsab pou asire ke pwosede siveyans te konplete jan li sipoze, mete plan ELL etidjan ak rapò ranseyman-yo a jou.

Pwogrè akademik revize e dokimante nan fòm siveyans ke distrik-la ap itilize pandan pwosede siveyans 2 ane. Yon "S" (satisfèzan) oubyen "U" (Pa Satisfèzan) plis dat apwopriè dapre peryod siveyans antre nan fòm siveyans e nan dosye elektronik pou etidjan-a. Dat lè nòt kanè-yo revize anrejistre nan fòm siveyans distrik-la e antre nan sistèm ranseyman. Dokimantasyon kapab genyen kanè kouran pou etidjan, yon rapò pwogrè, oubyen evalyasyon pwofèsè pou pèfomans etidjan nan sal de klas kap bay peryod siveyans-la sipò. Rezilta egzamen kapab mande tou lè plis enfòmasyon nesèsè pou dokimante pwogrè oubyen mank pwogrè etidjan.

Pèfomans ansyen ELL-yo (LF) ap revize de tanzantan pou asire egalite patisipasyon apre ke yo te re klasifye. Revizyon sa-yo pral fèt otomatikman apre premye kanè nòt etidjan, de fwa pandan premye ane apre soti-a, e nan dezyèm ane apre soti-a. Tout enfòmasyon apre re klasifikasyon mete a jou nan Plan ELL etidjan e ranseyman antre nan SMS. Si pwogrè nan klas regilyè satisfèzan apre peryod siveyans 2 ane, etidjan "LF" ap vinn yon etidjan "LZ".

### **Ki dokimantasyon ki itilize pou veje pwogrè etidjan? (Tchèke tout sa kap aplike)**

- Kanè
- Rezilta egzamen
- Pèfomans sal de klas
- Opinyon pwofèsè
- Lot (Spesifye) \_\_\_\_\_

### **Kisa ki pwosedi, i konpri posib re klasifikasyon, ki mete an mach lè pèfomans akademik yon ansyen ELL pa nan nivo klas li?**

Tout travay ki kontinye fèt anba pèfomans nivo klas-la dapre nòt etidjan ak rezilta egzamen-yo ap fè ke Komite ELL-la ap reyini. Pandan reyinyon Komite ELL, manm-yo ap oblije idantifye e anrejistre entèvansyon nesèsè pou ede etidjan amelyore rezilta skolè li-yo. Komite ELL ap devlope yon plan Amelyorasyon Bezwen Akademik (ANI) kap presize entèvansyon ki pral mete an mach pou repòn nan bezwen etidjan. ANI-a devlope selman dapre bezwen akademik etidjan e li pa baze sou bezwen akizisyon langaj.

Yon orè siveyans ranje pou revize si plan ANI ke Komite ELL devlope pou etidjan-a èfikas. Paran-yo ap resevwa kopi tout desizyon ki fèt pou amelyore pèfomans akademik etidjan-a nan lang pa yo depi sa posib. Prensipal oubyen reprezantan prensipal responsab pou li mete dosye elektronik etidjan a jou pou montre plasman lengwistik e akademik.

ELL-yo ki re klasifye tankou etidjan "LY" elijib pou tout model pwogram disponib nan distrik skolè, menm jan ak etidjan ki premyèman klasifye. Pi plis, pwofèsè sal de klas-la pral mete an mach strateji ki dokimante sou ANI e CCT oubyen reprezantan prensipal pral veve tout bagay.

## **Obeisans nan Plan ELL ak Pèfomans Etidjan**

### **Dekri pwosedi andedan LEA pou siveyans pwogram ESOL pou obeisans ak pèfomans akademik etidjan.**

Spesyalis Obeisans lalwa pou distrik (DCS) ki nan Depatman Miltileng ap konplete jounal sipò chak jou ki genyen ladan yon rezime an detay de kalite sipò-yo nan chak lekòl. Yo konplete tou yon zouti siveyans pou chak lekòl kap detaye sousi obeisans nan Plan ELL Etidjan. DCS responsab tou pou li revize ranseyman-yo nan sistèm ranseyman distrik pou asire ke tout bagay korek pandan peryod Kesyonè FTE. Administratè Senyò Pou Obeisans lalwa ap revize Jounal DCS-yo. Nenpòt ki sousi konsènan obeisans pou ESOL pataje ak direktè e adrès ak administratè lekòl jan sa nesèsè. CCT ESOL lekòl-yo oubyen reprezantan prensipal oblije ale nan reyinyon pou tout distrik ki fèt pandan tout ane. Depatman Miltileng genyen 'coach' enstriksyon pou distrik tou. Yo konplete yon jounal sipò chak jou ki genyen ladan travay yo pou chak jou e tout sousi yo obsève nan lekòl deziyasyon-yo. Administratè Senyò pou kirikilom ak enstriksyon depatman-a revize jounal-yo e tout sousi li genyen konsènan enstriksyon ak pèfomans akademik etidjan pataje ansanm ak direktè depatman-a. Si nesèsè, direktè depatman kontakte prensipal lekòl-la oubyen lot administratè distrik pou adrèsè sousi-yo.

### **Ki jan sit lekòl-yo, paran-yo ak moun enterèse-yo genyen aksè nan Plan ELL distrik-la ki apwouve?**

Depi li apwouve, Plan ELL distrik-la pral prezante nan reyinyon prensipal ak asistan prensipal kote pi gran pwen-yo pral diskite e yap repòn kesyon-yo. Yon kopi elektronik Plan ELL distrik-la pral disponib sou sit entènèt Depatman Miltileng. Yon memo nan bilten enfomasyon ke direktè jeneral adjwen voye bay tout prensipal-yo pral voye chak ane ak enfomasyon sou ki jan pou aksede Plan ELL-la.

### **Ki jan LEA-yo finn si ke lekòl ap mete Plan ELL distrik-la an mach?**

Spesyalis Obeisans Lalwa ESOL Distrik-yo, 'Coach' Enstriksyon ESOL Distrik-yo, Pwofèsè Resous ESOL-yo, Lièzon Paran Distrik-yo, Komite ELL lekòl-la, ak parapwofèsyonel ESOL-yo pral genyen aksè nan Plan ELL e yap ede asire ke tout bagay mete an mach nan nivo lekòl.

Se responsabilite manm Depatman Miltileng-yo pou:

- Ofri fomasyon kontini pou pèsoneel nan chak lekòl
- Fè vizit kontwòl obeisans pou verifye ke pwosedi-yo mete an mach korekteman
- Jenere rapò bay prensipal ak depatman miltileng ki genyen ladan rekomandasyon sou ki jan pou korije sa yo jwenn
- Revize ranseyman SMS pou etidjan ELL
- Ede lekòl-yo ak ranseyman elektronik-yo

## **Seksyon 8: Avi ak Dwa Paran, Gadyen ak Etidjan**

**Dekri pwosedi ke pèsoneel lekòl itilize pou bay paran oubyen gadyen ELL-yo asistans nan lang natif natal yo.**

Paran ELL-yo resevwa avi stati ELL etidjan-yo ak dwa-yo nan angle e nan lang natif natal-yo, depi sa-a kapab fèt. Lekòl-yo kapab bay sèvis tradiksyon si sa-a disponib. Depi yon moun mande, depatman miltileng ap bay sèvis tradiksyon pou repòn bezwen paran-yo.

Chak lekòl ap fè efò pou genyen kèk pèsone disponib ki kapab kominike ansanm ak paran-yo nan lang ke paran-yo pale pi plis nan lekòl sa-a, a mwens ke sa-a pa posib. Panyòl se lang moun pale pi plis nan majorite ELL distrik-yo.

**Dekri aktivite ed sosyal pou paran-yo kap fè paran-yo konnen ki jan yo kapab patisipe nan edikasyon pitit-yo e ki jan yo kapab ede pitit-yo aprann angle e rive nan standa akademik eta-yo.**

Chak lekòl oblije genyen yon Konsey Paran Dirijan Miltileng (Multilingual Parent Leadership Council (MPLC)). Prezidan ak ko prezidan dwe yon paran yon ELL ki prale nan lekòl-la. Rezon MPLC-a la, se pou li ankouraje patisipasyon paran e patisipasyon nan zafè mete inisyativ achèvmman akademik ak pwogram ELL-yo an mach. Chak lekòl oblije genyen o mwens 2 reyinyon MPLC chak ane skolè (youn pou chak semès). Distrik ap bay resous pou manm MPLC distrik-yo tankou fomasyon pou lidè, oryantasyon nan sèvis pwogram ELL pou distrik, chans pou patisipasyon paran-yo, ak pwogram kirikilom distrik-la. Yap fè paran ELL-yo konnen ki chans yo genyen pou yo reprezante nan komite ki gen tan egziste pou lekòl e pou distrik. Depatman Miltileng patnè ansanm ak Akademi Paran Title I pou Distrik-la pou bay plis reyinyon ak fomasyon enfomasyonel.

**Tchèke ke kominikasyon lekòl-lakay ke LEA oubyen lekòl voye paran oubyen gadyen ELL-yo nan yon lang ke paran oubyen gadyen kapab konprann. (Tchèke tout sa-a kap aplike. Tanpri bay yon lyen pou tout bwat ki tchèke.):**

\*Nou kapab jwenn fòm nan sit entènèt Depatman Miltileng oubyen nan sit entènèt prensipal OCPS-la a mwens ke yon lyen spesifik liste. <https://www.ocps.net/cs/multilingual/Pages/default.aspx>; <https://ocps.net>

- Reta nan egzamen pou konpetans langaj
- Rezilta evalyasyon konpetans langaj
- Plasman pwogram
- Opsyon model pou livrezon pwogram
- Ekstansyon enstriksyon ESOL
- Soti nan pwogram ESOL
- Siveyans apre re klasifikasyon ansyen ELL
- Re klasifikasyon ansyen ELL
- Egzamen eta e/oubyen LEA
- Akomodasyon pou egzamen (kote fleksib)
- Egzamen anyel pou devlopman langaj
- Kwasans nan konpetans langaj (tande, li, ekri)
- Dispans nan FSA nan ELA pou ELL-yo ak yon DEUSS mwens ke yon ane
- Retansyon/Remedyasyon/Bon Kòz
- Tranzisyon nan klas regilyè oubyen chanjman klas
- Envitasyon patisipe nan yon reyinyon Komite ELL
- Envitasyon patisipe nan Konsey Paran Dirijan (PLC)

Pwogram Spesyal tankou Doue, ESE, Plasman Avanse, Enskripsyon Doub, Pre-K, Edikasyon Pwofèsyonel ak Teknik, lekòl 'charter', ak aktivite sipò pou etidjan

Repa lunch gratis/mwen chè <https://www.ocps.net/op/food/pages/freeandreduced.aspx>

Avi Opsyon Chwa Parantal, Stati Amelyorasyon Lekol, ak pwofèsè an deyò de zòn ekspètiz

Fòm enskripsyon ak obligasyon

<https://www.ocps.net/es/legislative/pupil/Pages/Register%20for%20School.aspx>

Fòm Disiplinè

Enfomasyon konsènan Standa Laflorid ak Standa pou Devlopman Lang Angle (ELD)

Enfomasyon konsènan sèvis kominote ki disponib pou paran

Enfomasyon konsènan chans pou patisipasyon paran (volontarya, PTA/PTO, SAC)

Kanè\* <https://www.ocps.net/intranet/op/icts/cc/ssts/pb/Pages/Elementary-Report-Cards.aspx>

\*Paran ELL-yo, nan nivo segondè, kapab ranje yon konferans ak konseye pedagogik etidjan-a pou pran plis enfomasyon konsènan pwogrè ELL-yo. Si posib, lekòl pral bay tradiksyon kanè etidjan-a nan lang natif natal etidjan.

Lot (Spesifye) Kod Kondwit Pou Etidjan, Gid Pou Paran

\*Si kanè-yo pa disponib nan lot lang, tanpri dekri ki jan pwogrè akademik yon ELL kominike bay paran/gadyen.

## **Seksyon 9: Konsey Paran Dirijan (Règleman 6A-6.0904, F.A.C.)**

**Ki kalite Konsey Paran Dirijan (PLC) egziste nan LEA? (Tchèke tout sa-a kap aplike. Tanpri bay lyen sou ajanda manm ak reyinyon.)**

Nivo LEA

Nivo lekòl

### **Tanpri adrèse fonksyon ak konpozisyon PLC-a:**

Lekòl Piblik Oranj Kanti genyen règleman administratif Konsey Paran Dirijan, ke Prezidan distrik, Prezidan eli ak direktè depatman miltileng siye chak ane.

Fonksyon Konsey Paran Dirijan distrik-la (ke yo konnen nan OCPS anba non 'Multilingual Parent Leadership Council') se pou:

- Fè pwomosyon byennèt Apranti Lang Angle (ELL) nan lekòl, lakay e nan kominote
- Asire ke ELL-yo rive nan tout potansyel yo
- Bay Depatman Miltileng kèk opinyon oubyen kèk objeksyon avan ke yo voye plan ELL-yo nan Depatman Edikasyon
- Devlope relasyon ant paran, depatman miltileng pèsonek lekòl ak pèsonek distrik pou fè pwomosyon kolaborasyon
- Bay chans fomasyon ak enfomasyon pou paran, gwoup paran, pwofèsè, pèsonek lekòl oubyen gwoup kominotè ki pral bay paran pouvwa pou yo vinn patisipan aktif nan edikasyon pitit-yo
- Bay ed sosyal e asire ke paran ELL-yo enfomen e ke yap patisipe nan edikasyon pitit-yo

Fonksyon MPLC distrik-la se pou kolabore ak depatman miltileng nan zafè rezoud pwoblem, ogmante pwogram, kominikasyon ak paran ak rekonnèt siksè etidjan. MPLC distrik-la genyen ladan yon Prezidan, Prezidan eli, sekretè, reprezantan pou chak nan senk kominote aprantisaj OCPS-yo, moun ki fenk Prezidan MPLC distrik-la ak direktè sèvis depatman miltileng.

Lekòl nan distrik-la genyen yon MPLC ki fèt ak majorite (51%) paran ELL-yo. Dapre règleman 6A-6.0904 FAC., MPLC 'konpoze ak yon majorite paran etidjan ki pa pale angle nèt." Prezidan ak ko-Prezidan dwe yon paran yon ELL ki nan lekòl kote yap sèvi.

**PLC "konpoze ak yon majorite paran etidjan ki pa pale angle nèt." Si PLC nan LEA pa rive nan obligasyon sa-a, eksplike pou kisa e ki lè obeyisans nan règleman-a pral fèt.**

**Ki jan LEA-a fè PLC patisipe nan lot komite LEA?**

MPLC distrik-la angaje aktivman nan inisyativ distrik pou paran e pou ELL-yo. MPLC distrik-la kolabore ansanm ak kominote aprantisaj distrik-yo e ak lekòl-yo pou fè pwomosyon reyinyon Konsey Paran Dirijan Miltileng. Paran/gadyen ELL-yo ankouraje pou yo patisipe nan Konsey Paran Dirijan Miltileng, nan Komite Konsey Skolè (SAC), nan Konsey Paran Dirijan Distrik-la ak lot komite lekòl/distrik-yo. Yap fè paran/gadyen konnen evènman kap vini nan lang natif natal yo depi sa-a posib.

**Ki jan PLC LEA ap patisipe nan devlopman Plan ELL Distrik-la?**

Distrik ap bay MPLC distrik-la chans pou li bay opinyon sou plan ELL distrik-la nan plizyè reyinyon/konvèsasyon pandan ane-a. MPLC revize plan ELL-la e moun yo di sa yo panse e fè rekomandasyon.

**Eske PLC LEA apwouve Plan ELL Distrik-la?**  Wi  Non

Si non, tanpri bay yon eksplikasyon pou kisa PLC pa apwouve.

**Seksyon 10: Fomasyon pèsonel (Règleman 6A-6.0907 ak 6A-1.0503, F.A.C.)**

**Dekri ki jan yo fè pwofèsè Kategori I ki oblije resevwa andosman/sètifikasyon ESOL e ki responsab pou Ar Lang Angle e pou enstriksyon entansiv nan lekti pou ELL-yo konnen obligasyon ak chans pou fomasyon-yo. Mete tit moun ki responsab pou bay avi-yo e ki jan pwosede-a dokimante.**

Depi pwofèsè-yo finn idantifye tankou andeyò de ekspètiz-yo, Depatman Sètifikasyon OCPS voye lekòl-yo yon lèt ansanm ak yon lèt entansyon kap oblije pwofèsè-yo obeyi ak obligasyon andeyò ekspètiz. Pwofèsè ak administratè siye lèt-yo. Lèt-yo voye nan direktè jeneral zòn-la pou siyati final. Lèt andeyò ekspètiz-yo voye bak nan biro distrik-la e yo make nan sistèm avan semenn FTE. Pwofèsè ki te idantifye tankou andeyò ekspètiz veye pandan ane skolè. Pwofèsè ki gen eksperyans genyen yon ane pou yo konplete obligasyon. Se responsabilite pwofèsè pou li konplete chak klas nan tan limit ke Dekrè Konsantman Laflorid te etabli.

Yo fè pwofèsè Kategori I konnen chans pou fomasyon de plizyè fason. Depatman MSES ap bay aksè nan *Gid Andosman e/oubyen sètifikasyon ESOL pou Edikatè OCPS* bay tout edikatè andedan distrik-la. Pi plis, klas ESOL ki nan orè pibliye nan bilten Depite Direktè chak semenn ki voye nan tout biro tout prensipal-yo—e l'ap spesifye ke odyans pou bilten-a se pwofèsè. Administratè Senyò pou Obeyisans nan Depatman Sèvis Etidjan Miltileng ap bay avi-yo e l'ap dokimante pwosede ak yon dosye anons ki te bay. Antanke mezi adisyonel pou asire ke yo fè pwofèsè-yo konnen klas ESOL ki pral fèt, CCT chak lekòl resevwa yon kopi anons ki voye ansanm ak bilten Depite Direktè. Yap gaye enfomasyon sa-a bay pwofèsè nan lekòl pa yo. Klas ESOL-yo plase tou sou si entènèt devlopman

pwofèsyonel distrik-la ki rele 'Signmeup', pou pwofèsè-yo kapab enskri jan li nesèsè. Enfomasyon konsènan klas ESOL ki pral fèt afiche sou premye paj Sistèm Jerans Enfomasyon (IMS).

Depatman Sètifikasyon OCPS-la ap swiv pwofèsè kategori I a travè yon rapò kap idantifye pwofèsè-yo ki pa otman kalifye dapre nimero kod klas-yo.

Se responsabilite pwofèsè pou li konplete chak klas nan limit tan ke Dekrè Konstaman Laflorid te etabli.

**Dekri ki jan pwofèsè sijè matematik, syans, syans sosyal ak alfabetizasyon konpyoutè konnen ki obligasyon fomasyon ESOL (60 è) ak chans-yo ki ofri. Mete tit moun ki responsab pou bay avi-yo e ki jan pwosede-a dokimante.**

Depi pwofèsè-yo finn idantifye tankou andeyò de ekspètiz-yo, yo voye lekòl-yo yon lèt ansanm ak yon lèt entansyon kap oblije pwofèsè-yo obeyi ak obligasyon andeyò ekspètiz. Pwofèsè ak administratè siye lèt-yo. Lèt-yo voye nan direktè jeneral zòn-la pou siyati final. Lèt andeyò ekspètiz-yo voye bak nan biro distrik-la e yo make nan sistèm avan semenn FTE. Pwofèsè ki te idantifye tankou andeyò ekspètiz veye pandan ane skolè. Pwofèsè ki gen eksperyans genyen yon ane pou yo konplete obligasyon.

Yo fè pwofèsè Kategori I konnen chans pou fomasyon de plizyè fason. Depatman MSES ap bay aksè nan Gid Andosman e/oubyen sètifikasyon ESOL pou Edikatè OCPS bay tout edikatè andedan distrik-la. Pi plis, klas ESOL ki nan orè pibliye nan bilten Depite Direktè chak semenn ki voye nan tout biro tout prensipal-yo—e l'ap spesifye ke odyans pou bilten-a se pwofèsè. Administratè Senyò pou Obeyisans nan Depatman Sèvis Etidjan Miltileng ap bay avi-yo e l'ap dokimante pwosede ak yon dosye anons ki te bay. Antanke mezi adisyonel pou asire ke yo fè pwofèsè-yo konnen klas ESOL ki pral fèt, CCT chak lekòl resevwa yon kopi anons ki voye ansanm ak bilten Depite Direktè. Yap gaye enfomasyon sa-a bay pwofèsè nan lekòl pa yo. Klas ESOL-yo plase tou sou si entènèt devlopman pwofèsyonel distrik-la ki rele 'Signmeup', pou pwofèsè-yo kapab enskri jan li nesèsè. Enfomasyon konsènan klas ESOL ki pral fèt afiche sou premye paj Sistèm Jerans Enfomasyon (IMS).

Menm jan ak Pwofèsè Kategori I, Depatman Sètifikasyon ap swiv pwofèsè sijè klas-yo a travè yon rapò kap idantifye pwofèsè-yo ki pa otman kalifye dapre nimero kod klas-yo. Se responsabilite pwofèsè pou li konplete chak klas nan limit tan ke Dekrè Konstaman Laflorid te etabli.

**Dekri ki jan yo fè tout lot pèsoneel enstriksyon-yo konnen ki kalite obligasyon fomasyon ESOL-yo (18 è) ak chans ki genyen. Mete tit moun ki responsab pou bay avi-yo e ki jan pwosede-a dokimante.**

Lekòl Piblik Oranj Kanti pa ofri yon klas fomasyon ESOL 18 è pou pwofèsè sal de klas. Fomasyon ESOL 18 è-a disponib selman pou founisè andeyò kap ofri sèvis bay popilasyon ELL. OCPS oblije pwofèsè nan Kategori III pran yon klas 60 è dapre Direktiv Jerans A-7 OCPS. Se responsabilite anplwaye pou li konplete chak klas nan limit tan ke Dekrè Konsantman Laflorid te etabli.

**Dekri pwosedi ki itilize lè pwofèsè kategori I rapote tankou andeyò ekspètiz. Mete pwosedi obeyisans lalwa lè ou mande sa-a ki rele 'weighted FTE 130' pou klas sijè prensipal-yo.**

Pwofèsè-yo ki fenk komanse travay pou OCPS bezwen ale nan yon pre-oryantasyon (PreO) ki genyen ladan yon prezantasyon sou obligasyon ESOL-yo. Nan fen PreO, pwofèsè-yo dwe siye yon fòm pou sètifye ke yo te li e ke yo te konprann obligasyon pou andosman oubyen sètifikasyon ESOL e

ke yo aksepte pran klas nesèsè pou yo kapab vini yon moun ki genyen andosman oubyen sètifikasyon ESOL. Yon pwofèsè idantifye tankou andeyò ekspètiz (OOF) dapre devwa anseyman-yo ak enskripsyon etidjan-yo. Pwofèsè primè pou Angle/Ar Langaj oubyen pwofèsè kap anseye Lekti bay youn oubyen plis ELL-yo ki pa genyen andosman ESOL oubyen sètifikasyon ESOL sou sètifika anseyman, konsidere tankou OOF, e li bezwen siye fòm akò-a. Distrik-la dwe voye yon lèt bay Konsey Direksyon Skolè kote yap mande pou yo aksepte pwofèsè OOF-yo. HR/Sètifikasyon oblije pwofèsè siye yon lèt kondisyon pou anplwa. Prensipal responsab pou li jwenn siyati sou akò e yon kopi plase nan dosye pèsoneel pwofèsè-a. Yo fè paran-yo konnen stati OOF pwofèsè-yo ak lèt/bilten lekòl. Yon pwofèsè ki OOF nan ESOL bezwen konplete 3 è semès kredi kolèj oubyen 60 è 'inservice' ESOL nan yon limit tan 2 ane depi nan dat premye devwa e 3 è semès oubyen ekivalan pandan chak ane pa apre jiska seke obligasyon finn fèt. HR/Sètifikasyon ak administrasyon skolè pral veve pwofèsè-yo ki idantifye tankou OOF pou ESOL. Finansman 'weighted 130' pou ESOL kapab mande pou etidjan ak yon kod ELL "LY" si pwofèsè OOF ap obeyi ak obligasyon fomasyon pou kategori spesifik-yo.

### **Dekri ki jan LEA ap bay obligasyon fomasyon ESOL 60 è pou administratè baze nan lekòl e sistèm siveyans LEA ki pral mete an mach.**

Depatman Sètifikasyon ap fè yon rapò pou idantifye administratè skolè ki bezwen obeyi nan 60 è 'in-service' ESOL. Depatman Sètifikasyon voye yon imèl bay administratè-yo pou fè yo konnen zafè obligasyon andeyò ekspètiz. Administratè genyen yon ane pou yo konplete obligasyon-a. Depatman Sètifikasyon ap veve pou wè si bagay yo fini e depi obligasyon-yo finn fèt, non yo retire nan rapò siveyans distrik-la.

### **Dekri ki jan LEA ap bay 60 è obligasyon fomasyon ESOL pou Konseye pedagogik, e sistèm siveyans LEA.**

Depatman sètifikasyon ap fè yon rapò pou idantifye guidance konseye pedagogik ki bezwen obeyi nan 60 è 'in-service' ESOL. Depatman Sètifikasyon voye yon imèl bay konseye pedagogik pou fè yo konnen zafè obligasyon andeyò ekspètiz. Konseye pedagogik genyen yon ane pou yo konplete obligasyon-a. Depatman Sètifikasyon ap veve pou wè si bagay yo fini e depi obligasyon-yo finn fèt, non yo retire nan rapò siveyans distrik-la.

### **Dekri devlopman pwofèsyonel siplemantè ke LEA ap ofri pou asire ke pèsoneel enstriksyon konnen standa Devlopman Lang Angle ak pi bon pratik.**

Pwofèsè resous devlopman pwofèsyonel ak 'coach' enstriksyon depatman militeng ap bay Devlopman Pwofèsyonel dapre pi bon pratik baze sou evidans pou ELL-yo pou lekòl a travè tout distrik. Bagay sa-a genyen ladan yon devlopman pwofèsyonel sou standa WIDA ELD ki dire plizyè jou ki rele 'Train-the-Trainer', konprann endikatè pèfomans-yo, konprann nivo konpetans-yo, e ki jan pou diferanse leson baze sou standa sèvi ak sa ki rele 'Can-Do-Descriptors' pou repòn nan bezwen ELL-yo.

### **Si enstriksyon-a bay nan yon lang ki lot ke angle, dekri pwosedi ki itilize pou evalye konpetans pwofèsè-yo nan lot lang e nan angle.**

Konpetans nan lang natif natal pwofèsè-yo kap anseye ELL nan yon lang ki lot ke angle evalye devan manm pèsoneel ki pale lang natif natal-la nèt. Evalyasyon-a genyen ladan yon entèvyou moun ak moun nan lang natif natal e yon egzant ekriti ke yo pran nan men pwofèsè lè entèvyou ap fèt. Dokiman evalyasyon-yo voye nan depatman sètifikasyon e yo plase nan dosye pèsoneel pwofèsè-a.

Pwofèsè-yo kap anseye nan yon lang natif natal ki lot ke angle, ni nan pwogram edikasyon bileng A Sans Inik ni nan pwogram A De Sans, dwe rive nan obligasyon sètifikasyon anseyman an angle Laflorid-yo. Depi obligasyon sètifikasyon Laflorid yo fèt ak siksè, bagay sa-a rekonnèt tankou prèv konpetans nan angle.

**Yon parapwofèsyonel oubyen yon pwofèsè bileng obligatwa nan lekòl ki genyen 15 ELL oubyen plis ki pale menm lang. Spesifye kalifikasyon elijibilite ke LEA ap oblije parapwofèsyonel bileng genyen. Eksplike ki kalite djòb parapwofèsyonel bileng-la genyen e kisa ki premyè devwa-li.**

Se prensipal kap angaje parapwofèsyonel bileng pou enstriksyon nan lekòl-la menm. Yo bezwen rive nan menm kalifikasyon anplwa ke distrik-la mete pou parapwofèsyonel lekòl-yo an plis de zafè konpetans nan angle e nan lang natif natal etidjan ak kilès yo pral travay.

Prensipal oubyen reprezantan prensipal lekòl-la devlope yon orè klas pou parapwofèsyonel bileng. Yon kopi kenbe nan biro devan e nan biro administratè ELL-la pou rezon obeyisans lalwa. Nan lekòl Title I-yo, parapwofèsyonel enstriksyon bileng-yo bezwen genyen tout obligasyon fomasyon ESSA-yo pou rive nan nivo obligatwa pèsone otman kalifye.

Wòl parapwofèsyonel ESOL se pou asire ke lekòl-la ap obeyi nan lalwa Federal e nan Dekrè Konsantman Laflorid, ak zafè swiv règleman ak pwosedi pwogram ESOL-yo. Parapwofèsyonel ESOL-la ap asiste ELL-yo nan sal de klas. Parapwofèsyonel-yo pral bay ELL-yo sipò pou pwosede akizisyon lang nan ti gwoup enstriksyon ak nan klas prive youn ak youn. Parapwofèsyonel-yo pral sèvi ak strateji baze sou evidans ki pwouve ke yap amelyore enstriksyon pou ELL-yo. Pwogram ki disponib ap varye nan nivo diferan e de yon lekòl nan yon lot.

**Dekri pwosedi LEA pou fòmen parapwofèsyonel bileng nan strateji ESOL oubyen lang lakay. Mete ki jan dokimantasyon fomasyon-a kenbe.**

Depatman Sèvis Edikasyon Etidjan Ki Pale Plizyè Lang (MSES) pral ofri parapwofèsyonel ESOL-yo a travè reyinyon chak mwa. 'In-services' ki ofri pral ogmante konèsans ak talan parapwofèsyonel-yo pou yo kapab sèvi ak pi bon pratik baze sou evidans bay founi enstriksyon moun kapab konprann e asistans efikas pou ELL-yo. Depatman MSES ap kontinye kolabore ansanm ak lekòl-yo, Depatman Anseyman ak Aprantisaj, e ak biro Devlopman Pwofèsyonel nan fè evalyasyon bezwen fomasyon e nan bay 'inservice' pou ogmante siksè Etidjan ELL-yo.

Dokimantasyon 'in-services' ki ofri ak parapwofèsyonel-yo kap patisipe dokimante nan journal prezans nan fomasyon, baz ranseyman ak rapò ki kenbe nan depatman MSES. Dosye atelye ak dosye 'inservice' parapwofèsyonel endividyel kenbe nan Depatman Devlopman Pwofèsyonel.

**Dekri pwosedi pou detèminen konpetans parapwofèsyonel bileng genyen nan angle e nan lang eritaj etidjan ke l'ap sèvi.**

Parapwofèsyonel bileng angaje nan lekòl-la menm. Yon manm pèsone oubyen yon entèprèt ki pale lang natif natal etidjan prezan pandan pwosede entèvyou e l'ap ede prensipal lekòl-la asire tèt-li ke parapwofèsyonel bileng konpetan nan lang natif natal.

**Tanpri bay yon lèt asirans ke direktè jeneral distrik-la ekri ke distrik-la ap obeyi tout bagay nan obligasyon fomasyon ESOL-yo.**

## Seksyon 11: Ekstansyon Sèvis (Règleman 6A-6.09022, F.A.C.)

**Dekri pwosedi LEA ki itilize pou detèminen ekstansyon sèvis, i konpri kronoloji apwopriè dapre DEUSS-la. Eksplike wòl Komite ELL e ki dokimantasyon de sipò ki itilize nan zafè detèminen si kontinyasyon sèvis ESOL-yo nesèsè.**

Si yon etidjan LY pase 3 ane oubyen plis nan yon Pwogram ESOL baze sou DEUSS-li, Komite ELL ap fè yon reyinyon chak ane pou re evalye pwogrè etidjan ELL-la konsènan konpetans nan lang angle. Komite ELL pral rankontre pa pi bonè ke trant (30) jou avan twazyèm anivèsè DEUSS etidjan-a e pa pi ta ke dat jou anivèsè-a. Etidjan ELL pral evalye sou o mwens youn nan enstriman evalyasyon ke depatman apwouve pa pi bonè ke trant (30) jou avan dat anivèsè etidjan-a.

Si dat anivèsè etidjan-a tonbe lan mitan relach egzamen Konpetans nan Lang Angle (ELP) (ACCESS pou ELL-yo 2.0) ak Evalyasyon Standa Laflorid (FSA) ki aplikab nan nenpòt ki ane skolè ak 1<sup>yè</sup> oktòb ane skolè swivant, rezilta ELP ak FSA etidjan ki aplikab kapab itilize, e yon evalyasyon pi resant pa obligatwa. Apre 1<sup>yè</sup> oktòb, etidjan ELL-yo pral evalye ak egzamen 'IPT aural/oral' e/oubyen ak egzamen IPT Lekti ak Ekriti pou kouvri tout kat (4) domenn konpetans nan lang (tande, pale, li ak ekri). Si yon majorite Komite ELL detèminen ke etidjan-a poko konpetan nan lang angle, sèvis ESOL-yo pral ralonje. Si yon majorite Komite ELL detèminen ke etidjan konpetan nan lang angle, etidjan-a pral soti pwogram ESOL. Desizyon Komite pral genyen sipò ak o mwens 2 sou 5 kritè ke eta te etabli. Baz ak nati desizyon Komite ELL sou zafè ralonje oubyen pa ralonje sèvis ESOL-yo pral dokimante e kenbe nan Plan ELL etidjan-a andedan pòtfolyo etidjan ELL-la.

### Evalyasyon Konpetans Tande e Pale

Liste Evalyasyon pou Tande e Pale ki itilize nan LEA pou detèminen si yon etidjan konpetan nan lang pou ekstansyon sèvis.

ACCESS pou ELL 2.0 e/oubyen

Non Evalyasyon pou Tande e Pale	REZILTA KOUPE KI UTILIZE POU PLASMAN (ANTRE) DETEMINASYON DAPRE TIP REZILTA			
	NIVO	REZILTA BRIT <sup>(1)</sup>	REZILTA A LEHEL <sup>(2)</sup>	POUSANTAJ NASYONAL <sup>(3)</sup>
IDEA konpetans I	K-5		A-F	
IDEA konpetans II	6-12		A-F	

## Evalyasyon Konpetans Lekti e Ekriti

Liste evalyasyon pou Lekti ak Ekriti ki itilize nan LEA pou detèminen si yon etidjan konpetan nan angle pou ekstansyon sèvis.

<b>NON EVALYASYON LEKTI AK EKIRITI</b>
EGZAMEN KONPETANS IDEA (IPT) LEKTI AK EKIRITI
ACCESS pou ELL-yo 2.0
FSA ELA

**Note:** yon evalyasyon ak referans de nom kapab rapote yon rezilta etidjan tankou yon pousantaj. Yon rezilta nan oubyen pi ba ke 32 pousan sou yon moso evalyasyon ak referans de nom pou lekti ak ekriti tap kalifye yon etidjan pou li antre nan pwogram ESOL.